ISSN:3030-3621

# BALALARDIN RAWAJLANIWINDA HÁREKETLI OYIN QOSIQLARINIŃ ÁHMIYETI.

*Qaraqalpaqstan Respublikası Pedagogiklıq sheberlik orayı Mektepke shekemgi, baslawısh hám arnawlı tálim metodıkaları kafedrası oqtıwshıshisi*
***Eshimbetova Xatira Ergalievna***

**Annotatsiya:** Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń tiykarǵı jetekshi xızmeti predmetli, rolli oyınlar bolıp esaplanadı. Bala oyın procesinde átiraptaǵı qorashaǵan ortalıqtı, sonday aq bolıp atırǵan tábiyiy hám sociallıq jaǵdaylardı, úlken adamlardıń is-háreketlerin ózleriniń jetekshi xızmeti bolǵan oyın procesinde sáwlelendiriwge háreket qıladı.

**Аннотация:** Ведущей услугой детей школьного возраста станут предметные и ролевые игры  В процессе игры ребенок реагирует на окружающую среду, а также на происходящие природные и социальные условия, на действия взрослых, которые в процессе игры становятся его ведущей услугой.

**Abstract:** Educational services for children of school age to play role-playing games In the process of playing, the child reacts to the environment, as well as to the occurring natural and social conditions, to the actions of adults, who in the process of playing become his leading service.

**Gilt sózler:** Háreketli oyınlar, tábiyat qubılısları, ekologiyalıq tárbiya, mifologiya, folklor, sinkritizm.

**Ключевые слова:** Активные игры, явления природы, экологическое воспитание, мифология, фольклор, синкритизм.

**Keywords:** Action games, natural phenomena, environmental education, mythology, folklore, syncritism.

Bala shaxsınıń hár tárepleme tolıq rawajlanıp jetilisiwinde olardıń oyınları, qosıqları, ertekleri úlken orın tutadı.  Sonlıqtan da balalar ushın arnalǵan dóretpelerdiń kópshiligi háreketli oyınları menen qosa atqarıladı. Balalar folklorında keń orın alǵan «Ertek» qosıǵı balalardıń ózleri rollerge kirip, qosıq qatarların soraw-juwap tiykarında atqarıp oynaytuǵın háreketli oyın qosıqları qatarına kiredi. Qosıq kishi syujetke qurılǵan. Qosıqta názerde tutılǵan tiykarǵı ideya-tábiyat penen janzatlardıń, qubılıslardıń óz-ara organikalıq baylanısın balalarǵa túsindiriwden ibarat. Ekinshisi-maqtanshaqlıq unamsız háreket ekenligin pıshıqtıń mısalında sáwlelendiriw arqalı tárbiyalaw. Mısalı:

Ertegim erte boldı,
Qulaǵım kelte boldı,

Tırna jasawıl boldı,
Hákke biydumaq boldı.
-Hákke sen neden biydumaq boldıń?
-Muzǵa tayıp shatım ayrıldı.
-Muz sen neden kúshliseń?
-Men kúshli bolǵanda, kún meni eriterme edi?
-Kún sen neden kúshliseń?
-Men kúshli bolǵanda, bult basarma edi?
-Bult sen neden kúshliseń?
-Men kúshli bolǵanda jamǵır teserme edi? [1]

Keltirgen mısallarda tábiyat qubılısları júdá qızıqlı, bir-biri menen baylanıslı ráwishte sáwlelendirilgen. Ertek, qosıq hákkeniń biydumaq -eki ayaǵın qosıp baylap qoyǵanday bolıp hákkeńlep, sekirip júretuǵın tábiyatı názerde tutılıp, onıń muzǵa tayıp jıǵılıw syujeti menen baslanadı. Folklorda quslardıń tábiyatı, jasaw sharayatı, xarakterine baylanıslı quslar obrazı usılayınsha ápsana, ertek formasında kóp sáwlelenedi. Hákke óziniń hákkelep júriwin muzǵa tayıp jıǵılǵanlıǵınan bolǵanlıǵın aytadı. Muz ústinde júriw júdá qıyın. Epshillik, shaqqanlıq, abaylaw kerek boladı. Kún suwıtıp, qıs ayı kelgende derlik barlıq suwlar qatıp, muzǵa aylanadı. Bul tábiyat nızamlılıǵı. Bul jaǵdaydı adamzat ózgerte almaydı. Qosıqtıń mazmunında áste-aqırınlıq penen bala psixologiyasına, aqıl dárejesi túsinigine qolaylastırılǵan waqıyanıń dawamı rawajlandırılıp barıladı. Qosıqtıń waqıyası baslanǵanda muz júdá qudiretli, kúshli bolıp kórinedi. Muzdan sen neden kúshliseń? –degende ol óziniń tábiyatın aytıp, ózinen de kúshliler bar ekenligin moyınlap, shınlıqtı aytadı. Kún jılısa óziniń erip ketetuǵınının, kúnniń ózinen kúshli ekenligin tán aladı. Endi kúnge sen neden kúshliseń? –dese, olda óziniń júzin bult basıp ketip, kórinbey qalatuǵınlıǵın aytadı. Tábiyatta kún dúnyanı jaqtılandırıp turadı. Lekin onı báhár, gúz, qıs aylarında bult basıp, kórsetpey taslaydı. Endi bult kúshlidey kórinedi.

-Bult sen neden kúshliseń? –degende bult eger men kúshli bolǵanımda jamǵır teserme edi,-deydi. Bultta máńgilik emes. Onıń da ústinen húkimranlıq etetuǵın tábiyattıń qubılısları barlıǵın bala bilip bara beredi. Ertek qosıqtıń dawamı:

-Men kúshli bolǵanda, jer jutarma edi?
-Jer sen neden kúshliseń?
-Men kúshli bolǵanda, tıshqan teserme edi?
-Tıshqan sen neden kúshliseń?
-Men kúshli bolǵanda, pıshıq jerme edi?
-Pıshıq, sen neden kúshli boldıń?
-Men kúshlimen, kúshlimen,
Ayaǵımda zerli gewish,

ISSN:3030-3621

Kúnine eki tıshqan jewish. [2]

Kúndi bult basadı, bulttı jamǵır tesedi, jamǵırdı jer jutadı, jerdi tıshqan tesedi, tıshqandı pıshıq jeydi. Logikalıq izbe-izlikte sheber saxnalastırılǵan qosıqta ekologiyalıq tálim-tárbiya qırlarınıń da mazmunı qamtılǵan. Tábiyat qubılısları bir-biri menen tereń organikalıq baylanısta ekenligin balalar qosıqtı úyreniw arqalı bilip baradı. Biziń ata-babalarımız erte dáwirlerden baslap-aq kúndelikli turmısında tábiyat qubılısların, tábiyattı janlı túrde baqlap barǵan. Tábiyat qubılıslarınıń sırın biliwge qızıqqan. Tábiyatqa tájim etip, onıń nızamlı qubılıslarınıń aldında bas iygen. Tábiyattaǵı janlı háreketlerdiń barlıǵın durıs dep túsingen, qarsı háreketler islemegen. Suwlar óz jolı menen ańǵar alıp aqqan, bógemegen. Daraqlardı, toǵaylardı asırap, abaylap saqlaǵan. Tawlar biyikten munarlanıp turǵan. Olardaǵı janlı-janzatlardı da óz ornı bar tirishilik iyesi dep túsingen. Biz joqarıda kórip ótken «Ertek» qosıǵı da usınday kóz-qaraslardıń jemisi. Balalarǵa tábiyattaǵı hámme nárseniń ornı bir-biri menen baylanısı bar ekenligin túsindiriwge háreket etedi.

Dúnya xalıqları folklorında «maqtanshaq pıshıq», «etik kiygen pıshıq» haqqındaǵı syujetke qurılǵan ertek kóplep ushırasadı. Qaraqalpaq folklorında da maqtanshaq pıshıq obrazı arqalı balalarǵa tárbiya beriwshi bul ertektiń saqlanıwı oǵada unamlı qubılıs bolıp esaplanadı. Túrkiy xalıqlar folklorında pıshıq obrazı menen baylanıslı ápsanalar kóp. Sebebi pıshıq úy haywanlarınıń ishindegi adamlarǵa júdá jaqın, úy ishinde birge jasaytuǵın haywan. Pıshıq adamlarǵa qáwip tuwdıratuǵın parazit jer bawırlawshı, záhárli jılanlar, buzawbaslardan, tıshqannan úydi qorıqlaydı. Ápsanalarda aytılıwınsha pıshıqtıń usı qásiyetlerine bola onı payǵambarımız sıylap, uyqısın buzbaǵan. Onıń ústine ózi kishkene, epshil, oyınshıl bolǵanlıǵı ushın bala tábiyatına júdá jaqın. Balalar úyde pıshıq penen kóbirek oynaydı. Maqtanshaq pıshıq obrazı usılayınsha dúnya folklorında ornı girewli syujetke aylanǵan. Bunıńday súykimli syujetler bala tárbiyasında áhmiyetli orın tutadı. Dúnyanı biliwde xalıqtıń dóretken danalıq oy-pikirleri balalar tárbiyasında neshshe mıń ásirlerden berli hár túrli usıllarda jasap keledi. Mifologiyalıq obrazlarda jatırǵan tábiyat qubılısları arqalı adamzat boljamlarınıń sheshimi geyde naq durıs keledi. Folklorlıq dóretpelerdiń tiykarǵı ózgesheliginiń biri bolǵan sinkritizm-saz, háreket, sóz birligi olardıń janlı túrde uzaq ásirlerden berli jasawına tirek bolıp keledi.

Sintementalizm metodı bolsa miflik xarakterge iye bolıp, tábiyat hám janzatlardıń óz-ara tıǵız baylanıslılıǵın kórsetedi. Máselen; erte báhárde nóser jawınlar kóbeyedi. Bunı xalqımız «kiyiktiń ǵayı» dep ataǵan. Sebebi, báhárde balalap atırǵan kiyiktiń balasın báhár seli, jamǵır juwadı dep aytqan. Bunda tábiyat hám janzatlardıń óz-ara baylanısın kórsetedi. Taǵı da báhár paslında birden kúshli samal, dawıl bolsa «suwdıń ǵayı» dep túsingen. Bunday hawa rayınıń ózgerisi suwdıń mol bolıwınan derek bergen. Ata-babalarımız tábiyattıń tentek qılıqların jaqsılıqqa jorıp, jaqsı úmitler etken. Keleshek áwladlarǵa turmıs tájiriybelerin usılay úyretip otırǵan.

Tábiyat qubılıslarınıń, tariyxıy waqıyalardıń, insan táǵdiriniń hám taǵı basqalardıń sebepsiz, baylanıssız bolmaytuǵınlıǵın bilgen. Filosofiya iliminde sebeplilik-«determinizm», sebepsiz hesh nárse bolmaydı, júzege kelmeydi dep esaplaydı. Xalıq dóretpesi bolǵan «Ertek»te de sebep hám nátiyje kórinisi arqalı sebepsiz hesh nárse bolmaytuǵınlıǵı jas balalarǵa ástelik penen úyretilip barıladı. Balalar ózleri qálegen obrazdı tańlap alıp rollerge bólinip, dialog formasında bir-birine sorawlar berip, juwap qaytarıwı arqalı qosıqtıń mazmunın túsinip aladı. Qosıq tekstiniń mazmunın tolıq hám onıń túsinip alıwları ushın blic sorawları beriledi:

1) Tırna kim boldı?
2) Hákke nege biydumaq boldı?
3) Kún neden kúshli boldı?
4) Bult neden kúshli boldı?
5) Jamǵır qayaqtan jawadı?
6) Tıshqanlar nege jerdi tesedi?
7) «Pıshıq-tıshqan» oyının bilesiz be?

Balalar menen «Pıshıq-tıshqan» oyının qosa atqarıp jiberilse, balalardıń oyınları da pitedi.

Oyınnıń qaǵıydası: «Oyınǵa 10-15 bala bolıp dóńgelenip, qol uslasıp turadı. Ortaǵa eki bala shıǵıp biri pıshıq bolıp, biri tıshqan bolıp oynaydı. Pıshıq tıshqandı uslap alsa oyın toqtatılıp, basqa eki bala pıshıq tıshqan bolıp ortada quwıspaq oyın oynap dawam ettiriledi». Qosıqtı usılayınsha háreketli oyınlar menen logikalıq baylanıstırıp balalarǵa úyretilse kútilgen unamlı nátiyjelerge erisiwge boladı.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. Bawatdinova S. Qaraqalpaq balalar folklorınıń lirikalıq túrleri. «Tafakkur bustoni» baspası. Tashkent 2019j.
2. Ayımbetov H. Xalıq danalıǵı. Nókis «Qaraqalpaqstan» baspası. 1988j.
3. Kruteckiy V.A. Psixologiya. Awdarmashı T.Saparbaev. Nókis «Bilim» 1991j.
4. Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq. V tom. Qaraqalpaq xalıq qosıqları hám salt-dástúr jırları. Nókis «Qaraqalpaqstan» 1980j.
5. Maqsetov Q. Folklor hám ádebiyat. «Qaraqalpaqstan» baspası. Nókis 1975j.